



FALKLAND ISLANDS GOVERNMENT

PUPBLIC SERVICE ANNOUNCEMENT

18 JANUARY 2021

**Vanhu vose vari kukurudzirwa kuti vaone kuti vakanyorwa here mumamgwaro e KEMH
kugadzirira chirongwa chekupa vanhu mishonga yedzivirira Covid-19**

Sedanho rekutanga kugadzirira kuvandudza chirongwa chekupa vanhu mishonga yekudzivirira Covid-19 muno muFalkland Islands, veKEMH vanokurudzira veruzhinji vose kuti vataure nevechipatara kuitira kuti vave nechokwadi chekuti mazita avo akanyorwa mumagwaro evechipatara.Kunyangwe hako usati wambotsvaga rubatsiro kubva kunana mukoti wechipatara mumazuva apera, zvinoonekwa zvakakosha zvikuru panguva ino kuti ve KEMH vave neumbowo huzere maererano nehutano hwe munhu umwe neumwe hake arikugara muno mumalslands Izvi zvichiitirwa kuti pave negadziriro yakakwana pakuparura mishonga yekudzivirira chirerwe chatakarisana nacho, uye kuti hurongwa hwe kuona kuti avo vangatanga kipiwa mishonga iyi ndivanaani,zvinobvawo zvaita kuti tizive kuti sei vose vane makore anodarika makumi mashanu (50) vachikurudzirwa kuti vange vari muregisita revechipatara.

Sei zvakakosha kuti munhu ave muRegisita ?

- Kuitira kuti vechipatara vaumbe zvizere maererano nezvingadiwa pahutano hwe umwe neumwe
- Kutি veKEMH vagare vachiona kuti munhu arikupiwa mishonga yakafanira here nguva nenguva, uye nedzimwe ongororo dzingadiwa kuitwa paari .
- Kutи munhu arikuwana rwutsigiro rwakakwana mukuchengetedza hutano hwake pamwene rubatsiro rwaangada,rwungava rwekushandura mhando dzechikafu kana avo vanoputa fodya

Chii chandingaita kuti ndiregisite ne KEMH ?

1. Shanyirai chipatara pahofisi yekutanga uchangopinda (reception) wopiwa magwaro ekutizadzise zvinodiwa, panguva dzinoita 8am kusvika 4:30pm
2. Taura nevechipatara panhare idzi 28000 kuti vakutumire magwaro aya kumba kwako iwe wozoatumira uchinge wazadzisa zvizere
3. Kana kunyora tsamba pa e mail surveillance@kemh.gov.fk uchikumbira magwaro aya,aunogona kuzadzisa zvinodiwa wotumira pa e-mail yakare

Avo vose vagara vari mumagwaro echipatara hamufaniri kunyoresa mazita enyu zvakare .Kana usina chokwadi chekuti zita rako ririmumagwaro echipatara , nyorera tsamba pa

suveillance@kemh.gov.fk uchivapa zita rako rizere pamwe nezuva rawakaberekwa kana kurova nhare pa 28000.Zvose zvirimaererano neutano hwe munhu zvamuchapa kana kuwanikwa neveKEMH hazvishambadzwi kuneumwe munhu asiri iwe, zvinochengetedzwa zvakanyanya maererano nebumbiro remitemo yechipatara reKEMH 's data protection policies.

Kuitira kuti umbowo huzere maererano nemunhu wese zviiswe mumagwaro echirongwa che island-wide vaccination programme,munhu wese anosungirwa kuti ave anyoreswa mumagwaro (Registered) eve KEMH musi wa 31 January 2021 usati wasvika.